Lekòl Piblik Boston

# Bidjè Kapital ak Mizajou sou BuildPBS pou Egzèsis 22

Dr. Brenda Cassellius, Sipèentandant

Nathan Kuder, Direktè Finansye

Monica Roberts, Chef Pwomosyon Familyal ak Kominotè



# BuildBPS: An sèvis a vizyon edikatif nou

- Elimine twou opòtinite ak reyisit yo
- Elaji opòtinite
- Akselere aprantisaj
- Kiltive konfyans
- Anplifye tout vwa yo
- Aktive patenarya

# Elèv nou yo, Fanmi nou yo ak Pèsonèl nou yo Merite



## Aksè Ekitab



## Bilding Ekselan



## Previzibilite ak Transparans

# Fòk Plan Kapital la Dirije pa Rezilta Elèv yo

## Aksè Akademik Ekitab

- Chimen previzib
- Aksè nan Pre-K de bon kalite
- Fè elèv yo gradye tou pare pou inivèsite, karyè, ak lavi

## Bilding Ekselan

- Lanse yon sik nouvo bilding lekòl
- Bay elèv yo opsyon ekselan ki toupre lakay yo
- Renove fasilite ki deja egziste yo

## Previzibilite ak Transparans

- Patenarya otantik nan priz desizyon
- Palanifikasyon stratejik ki santre sou ekite
- Transparans nan done nou yo pou otonomize kominote nou

# BuildBPS se yon angajman 10 lane, $1B





## Plan Kapital Egzèsis 22 nou an genyen ladan li

$78M nan amelyorasyon kapital ak inisyativ nan tout distri a



# 4 renovasyon lekòl majè pwofite de bilding lekòl ki deja egziste yo




# 5 nouvo bilding lekòl nan tout vil la

# Aksè Ekitab nan Opòtinite ak Pwogram Edikatif



# Aksè Ekitab nan Opòtinite ak Pwogram Edikatif

| Pwen | Aksyon |
|---|---|
| **Kreye chimen previzib** nan rekofigire tout lekòl yo nan chimen previzib, estanda | ➔ Rekonfigire lekòl pre-segondè senp nan swa lekòl PK-6 oswa 7-12<br>➔ Ajoute 6yèm ane nan lekòl primè K-5 yo<br>➔ Ajoute 7yèm & 8yèm ane nan Lekòl Segondè 9-12 yo |
| **Elaji Pre-K de Bon Kalite** epi asire tout timoun yo pare pou lekòl matènèl | ➔ Ajoute syèj Pre-K atravè pwojè konstriksyon majè ak rekonfigirasyon<br>➔ Elaji Pre-K pa chanje lekòl K-8 nan PK-6<br>➔ Kontinye ap fè patenarya ak pwogram kominotè pou timoun piti |
| **Fè elèv yo gradye tou pare pou inivèsite, karyè, ak lavi** pa re-trase lekòl segondè yo | ➔ Re-imajine eksperyans lekòl segondè a nan fè patenarya avèk Direktè Lekòl yo pou etabli yon fondasyon pou kalite lekòl segondè |

# Sa n ap aplike ane pwochen:

**Aksè Ekitab**

## Chimen previzib

Fèmen Lekòl Pre-segondè Irving ak Timilty yo nan fen AS21-22 pou renove epi travay ak kominote a pou re-imajine lekòl la pou swa K-6 oswa 7-12

## Elaji aksè nan Pre-K de bon kalite

Angaje ak lekòl K-8 yo pou rekonfigire nan PK-6 ak klas K0 ak K1 ki elaji pou kòmansman AS22-23

## Fè elèv yo gradye tou pare pou inivèsite, karyè, ak lavi

Fè patenarya ak Direktè Lekòl yo pou etabli yon fondasyon pou kalite lekòl segondè ak yon pòtfolyo segondè

# Estati lekòl pre-segondè ki rete yo

| Lekòl | Estati |
|---|---|
| Edwards | Fèmen apati Jen 2021. Planifye pou angajman kominotè kontinye pou detèmine plis itilizasyon bilding lekòl la |
| McCormack | Rekonfigire nan 7-12 apati Septanm 2021 |
| Timility | Pwopoze pou fèmen Jen 2022 |
| Irving | Pwopoze pou fèmen Jen 2022 |
| UP Academy Boston | Pral kontinye ap sèvi 6-8 ane jouk omwens AS22-23. Angajman kòmanse Otòn 2021 |
| Frederick | Pral kontinye ap sèvi 6-8 ane jouk omwens AS22-23. Angajman kòmanse Otòn 2021 |





# Kreye Chimen Previzib

## Kreye yon sistèm ki founi kalite pou tout elèv yo, pa sèlman pou sa ki genyen yon plan

**Navige BPS depi Pre-K rive lekòl segondè pa sipoze difisil, men se konsa li ye pou twòp paran. Chanjman n ap pwopoze yo fè gwo pwogrè anvè chimen ki pi previzib ak yon sèl pwen tranzisyon pou fanmi yo:**

- **Lekòl Pre-segondè Irving ak Timilty yo** pral fèmen nan mwa Jen 2022, nan fen pwochen ane skolè a epii yo pral kontinye ap anwole elèv nan 6-8 ane nan ane skolè 2021-2022 an
- Sila a pral **redwi nonb transizyon** pou fanmi yo epi **senplifye sistèm plasman an**, epi ban nou yon okazyon pou nou fè **gwo amelyorasyon** pou bilding nou yo
- N ap kòmanse yon pwosesis angajman kominotè pou nou chache kòmantè. ***Nou pral*** **renove** tout fasilite lekòl pre-segondè yo **nan yon lòl lekòl piblik Boston**
- Nou pral retounen kote Komite Lekòl la pou yon vòt nan mwa Oktòb 2021

# Kalandriye pou Irving ak Timilty

**Inisye Angajman Kominotè**
Prezante devan Komite Lekòl la

**Me 2021**

**Oktòb 2021**

**Pwopozisyon final yo**
devan Komite Lekòl la epi vòt pa SC

**Pwosesis enskripsyon an**
Fanmi yo kòmanse pwosesis chwa a pou ane skolè swivi a

**January 2022**

**Jen 2022**

**Sipò pou Tranzisyon Lekòl**
Lekòl pre-segondè Irving ak Timilty yo fèmen

**Elèn nan nouvo lekòl**
Elèv Irving ak Timilty yo tranzisyone nan nouvo lekòl

**Septanm 2022**

| Me - Oktòb | Septanm - May | Jen - Septanm |
|---|---|---|
| Angajman Kominotè | Sipò pou plasman elèv yo | Sipò kontinye pou elèv yo nan nouvo kominote skolè yo |



**Bilding Ekselan ki ankouraje lasante, amelyore aprantisaj, epi motive elèv yo**

# Bilding Ekselan ki ankouraje lasante, amelyore aprantisaj, epi motive elèv yo

| Pwen | Aksyon |
| --- | --- |
| **Ekilibre kapasite** pou amelyore eksperyans elèv yo nan matche anwòlman ak espas fizik. | ➔ Bay elèv yo opsyon de kalite pou yo chwazi pami yo ki toupre lakay yo nan ekilibre nonb syèj ki disponib yo ak nonb elèv nan chak katye<br>➔ Pwofite de nouvo pwojè lekòl pou plis pase yon sèl kominote lekòl depi sa fezab |
| Lanse yon sik nouvo bilding lekòl ki pral gradyèlman elimine tout bilding ki gen plis pase 50 lane | ➔ Pwofite de finansman eta a (MSBA) pou sipòte plan jeneral nou pou fasilite nou yo<br>➔ Lanse nouvo pwojè bilding epi renove bilding lekòl pre-segondè yo pou satisfè bezwen nan 21yèm syèk la |
| **Amelyore fasilite ki deja egziste yo** fè yo espas aprantisaj pou 21yèm syèk | ➔ Kontinye inisyativ nan tout Distri a pou elaji aksè nan fasilite edikatif ki modèn<br>➔ Elimine konsèvasyon ranvwaye avan 2027 |

# Sa n ap aplike ane pwochen:

## Bilding Ekselan

### Ekilibre kapasite pou amelyore eksperyans elèv yo

- Fèmen Lekòl Jackson-Mann K-8

### Nouvo bilding lekòl

- Lanse 5 nouvo pwojè konstriksyon
- Entwodwi yon lis pryoritize pou tout bilding lekòl yo avan Oktòb 2021

### Mete Fasilite yo Ajou

- Amelyore bilding yo atravè inisyativ nan tout Distri a
- Mete bilding yo ajou atravè Pwogram Reparasyon Kapital
- Renove 4 bilding:  BCLA-McCormack, Edwards, Irving, Timilty




**Ekilibre kapasite pou amelyore eksperyans elèv yo**

# N ap pwopoze devan Komite Lekòl la pou nou fèmen Lekòl Jackson-Mann K-8 nan mwa Jen 2022, nan fen pwochen ane skolè a.

Yon revizyon jeni an 2019 ki te fèt pa Depatman Fasilite Piblik Boston an te detèmine nou dwe fèmen bilding Jackson Mann nan pou nou renove li oswa ranplase li.

- Majorite sistèm mekanik yo itilize pou opere bilding lan te depase fen vi itil yo
- Yon chèch pou bilding tranzisyonèl te fèt; nou pa te jwenn okèn solisyon tranzisyonèl pou kominote lekòl la.
- Nou rete nan patenarya ak kominote lekòl la pandan n ap travay pou nou sipòte tranzisyon elèv yo

# Kalandriye pou Jackson Mann

**Me 2021**

**Pwopozisyon inisyal**
Prezante devan Komite Lekòl la

**Oktòb 2021**

**Pwopozisyon final yo**
devan Komite Lekòl la epi vòt pa SC

**January 2022**

**Pwosesis enskripsyon an**
Fanmi yo kòmanse pwosesis chwa a pou ane skolè swivi a

**Jen 2022**

**Sipò pou Tranzisyon Lekòl**
Jackson Mann K-8 school closes

**Septanm 2022**

**Elèn nan nouvo lekòl**
Elèv Jackson Mann K-8 yo tranzisyone nan nouvo lekòl

**Me - Oktòb**
Angajman Kominotè

**Septanm - May**
Sipò pou plasman elèv yo

**Jen - Septanm**
Sipò kontinye pou elèv yo nan nouvo kominote skolè yo

# Nouvo Bilding: Pwojè ki Pwopoze pou Egzèsis 23




## Nouvo Bilding Lekòl

1. Dorchester PK-6
2. Roxbury PK-6
3. East Boston Ekspansyon
4. Horace Mann School for the Deaf and Hard of Hearing
5. Allston-Brighton PK-6

# Nouvo Bilding Lekòl

# Pwogrè anvè objektif nou ki se 2-3 nouvo bilding chak ane

**Pwojè aktyèl ak pwopoze avan ane konplesyon antisipe ak faz aktyèl pou pwojè a.**



| Otòn 2022 | Otòn 2023 | Otòn 2024 | Otòn 2025 | Otòn 2026 | Apre 2027 |
|---|---|---|---|---|---|
| **Boston Arts Academy**<br>Sou Konstriksyon | **Renovasyon Edwards**<br>Angajman Piblik | **Josiah Quincy Upper School**<br>Nan Konsepsyon | **Carter School**<br>Nan Konsepsyon | **Nouvo Roxbury PK-6**<br>Seleksyon Sit ak Lekòl | **Horace Mann School**<br>Soumisyon MSBA |
| **BCLA-McCormack**<br>Nan Konsepsyon (Faz 1&2) | | **Ekspansyon East Boston PK-6**<br>Nan Konsepsyon | | **Nouvo Dorchester PK-6**<br>Seleksyon Sit ak Lekòl | **Allston-Brighton PK-6**<br>Soumisyon MSBA |
| | | **Renovasyon Timilty**<br>Angajman Piblik | | | **2-3 Nouvo Konstriksyon Chak Ane**<br>**Lis konplè an Otòn 2021** |
| | | **Renovasyon Irving Renvation**<br>Angajman Piblik | | | |

Kle

- **Pwojè ki Egziste**
- **Nouvo Pwopozisyon**

# Inisyativ nan tout Distri a - $37.5m pou amelyore bilding yo

**Inisyativ nan tout Distri a antoure efò distri a pou amelyore opòtinite edikatif ak byen nan plizyè oswa tout lekòl yo.**

- Dlo Potab Pwòp
- Amelyorasyon Kafeterya
- Amelyorasyon Twalèt yo
- Amelyorasyon Andedan kou Deyò pou 21yèm Syèk la
- Akreditasyon Akademik
- Amelyrasyon Aksesibilite (ADA)
- Ekspansyon Leza (Oditoryòm ak lòt amelyorasyon)
- Amelyorasyon Atletik
- Amelyore Sistèm Done yo
- Teknoloji





# $40.4M pou mete tout bilding yo ajou atravè amelyorasyon kapital

Pandan Distri a pi estratejik nan apwòch li nan lòt kategori yo, reta nan reparasyon kapital yo sipoze redwi anpil. Jouk moman sa, fòk distri a kontinye ap pryoritize reparasyon nesesè yo.

- Kouran & Ekleraj
- Renovasyon Deyò
- Do Bilding yo
- Chodyè yo
- HVAC
- Sistèm Sekirite yo
- Fenèt yo





# Pwofite de finansman eta pou pwojè kapital yo

MSBA a te apwouve BPS pou anviwon $182.7M nan ranbousman depi 2015.



- **Pwogram Fondamantal:** Pwojè ki kouvri reparasyon ekstansif, renovasyon, adisyon/renovasyon, ak konstriksyon nouvo lekòl
- **Pwogram Reparasyon Akselere (ARP):** Pwojè ki kouv reparasyon oswa ranplasman do bilding yo, fenèt/pòt yo ak chodyè nan yon fasilite ki otreman an fòm estriktirèlman
- **Pwopoze pwojè pou soumisyon Egzèsis 22 (bezwen vòt Komite Lekòl la)**
    - Pwogram Reparasyon Akselere
        - Ranplasman Chodyè nan Russell ak Henderson Upper
        - Ranplasman Fenèt ak Pòt nan Hernandez ak Boston Day & Evening
    - Rekonfigirasyon nivo skolè nan Lekòl Carter
    - Pwojè Bilding Horace Mann ak MSBA a



# Previzibilite ak Transparans

## nan pwosesis planifikasyon fasilite jeneral nou

# Pwosesis previzib ak transparan pou planifikasyon jeneral pou fasilite yo

| Pwen | Aksyon |
| --- | --- |
| **Palanifikasyon stratejik ki santre sou ekite ki entegre objektif distri a pou ekite nan pwosesis la** | ➔ Ranpli zouti pou planifikasyon ekite rasyal ak analiz ekite epi pliblye li ansanm ak Bidjè Kapital la<br>➔ Devlope yon analiz ekite estanda epi piblye li ansanm ak Bidjè Kapital la |
| **Angajman ak patenarya otantik nan priz desizyon** | ➔ Kreye konvèsasyon skolè nan katye yo<br>➔ Kreye yon kalandriye pou odyans anyèl sou Bidjè Kapital BPS |
| **Transparans nan done nou yo pou otonomize kominote nou** | ➔ Mete Dach BuildBPS la ajou konsa kominote yo kapab aksede done sou lekòl yo<br>➔ Mete ajou epi eksplike estrateji yo dèyè tout desizyon BuildBPS yo |

# Sa n ap aplike ane pwochen:

### Palanifikasyon stratejik ki santre sou ekite

- Pataje rezilta premye analiz ekite pou bidjè kapital la epi itilize rezilta nou yo pou fòme fiti planifikasyon kapital

### Angajman ak patenarya otantik

- Anons bonè pou plan yo pou bay tan pou sanble fidbak nan men kominote ki afekte yo.

## Previzibilite ak Transparans

### Transparans nan done nou yo pou otonomize kominote nou

- Angajman pou nou piblye plis enfòmasyon, ki enkli yon lis pryoritize nouvo bilding lekòl otòn sa a

# Analiz Ekite: Metodoloji

**Nou te tradwi bidjè yo pou pwojè kapital yo an dola pou chak elèv nan sèten demografik diferan**

- **Nou te aplike menm metòd Analiz Ekite nan Bidjè Kapital la ke nou itilize pou Bidjè pou Operasyon yo.**
- **Nou te aplike analiz la sèlman nan fon ki deziyen pou lekòl spesifik.**
- **Sa a se premye etap la nan yon pwosesis nou swete nou pral elaji sou li nan ane k ap vini yo.**






# Analiz Ekite

- Pwopòsyon pwopozisyon kapital Egzèsis 22 kapital ki aloke nan lekòl spesifik reprezante $2,129 pou chak elèv
- Nou te konpare pwojè yo nan kat demografik non-rasyal diferan:
  - Elèv ki gen andikap yo ak elèv revni fèb yo te resevwa envestisman ki pi wo pase mwayen an.
- Epi tou nou te konpare depans selon ras/etnisite:
  - Elèv azyatik yo te resevwa pi plis pou chak elèv pandan elèv Blan yo te resevwa pi piti




## Analiz Ekite

- Nouvo Konstriksyon ak Ekspansyon Majè reprezante pi gwo pòsyon an nan depans global
- Pwojè Josiah Quincy Upper a genyen pi gwo enpak sou depans pou chak elèv pou elèv Azyatik yo.
- Estimasyon pri total la pou anons majè yo aswè a nan Roxbury ak Dorchester pa nan bidjè a epi yo poko afekte analiz sa a.




# Analiz Ekite

- Tout lòt kategori pwojè yo, pandan yo pi piti, montre egalite relatif nan majorite nan gwoup demografik diferan yo.
- Epi tou pwojè majè yo ap afekte depans sa yo, pandan nou mete lòt pwojè kapital yo sou bilding lekòl aktyèl yo kanpe.
- Pwochen nivo analiz la enplike plizyè ane depans kapital pou detèmine konbyen diferans sa yo chanje chak ane.



# Analiz Ekite: E Apre Sa

**Analiz sa a te prezante nouvo defe ak opòtinite. Nou pral kontinye ap rafinen apwòch nou ak patenarya ak Fasilite yo epi ak Biwo Ekite, Estrateji ak Twou Reyisit, tankou:**

- **Devlope yon analiz aksè nan fasilite edikatif ak kondisyon jeneral pou bilding debaz**
- **Enkopore plizyè ane pwojè kapital ki planifye**
- **Devlope estimasyon sou depans kach pi bonè nan pwosesis la pou fasilite diskisyon sou ekite.**
- **Ajoute depans istorik**



# Transparans ak Previzibilite

**Chak fanmi bezwen epi merite konnen:**

- **Ki pwojè ki pral fèt**
- **Kilè lek2l pa yo ap pwochen nan liy (“Kilè tou pa m?”)**
- **Kisa ki pwosesis la pou kijan nou pral pran desizyon**

**An Oktòb, nou pral bay plis enfòmasyon, ki pral genyen ladan li yon lis pryoritize de nouvo bilding lekòl otòn sa a.**



# Pwochen etap yo ak delè pou pwojè kapital yo pou Egzèsis 22

# Vòt nou te Mande Komite Lekòl la Fè

| Vòt planifye pou 26 Me 2021 | Vòt planifye pou Oktòb 2021 |
| --- | --- |
| ▫ Pwogram Reparasyon Akselere<br>▫ Rekonfigirasyon nivo skolè nan Lekòl Carter<br>▫ Pwojè Bilding Horace Mann ak MSBA a | ▫ Fèmen Lekòl Pre-segondè Timility ak Irving yo nan fen AS 21-22<br>▫ Fèmen Lekòl Jackson Mann K-8 School nan fen AS 21-22 |

# Kote pou jwenn plis enfòmasyon

# Ou ka jwenn plis Enfòsyon sou Bidjè Kapital Budget lan an liy:

- **Prezantasyon bidjè pou Komite Lekòl ak Konsèy Minisipal la**
- **Pwopozisyon Bidjè Kapital**
- **Kalandriye opòtinite pou angajman k ap vini**

**Pou plis enfòmasyon, tanpri ale sou:**

**www.bostonpublicschools.org/budget ak www.bostonpublicschools.org/buildbps**

**Tout dokiman yo tradwi.**

# Reyinyon Kominotè k ap Vini

| Dat | Sijè |
| --- | --- |
| **Mèkredi 5 Me, 6:00PM** | Reyinyon Kominotè pou Jackson Mann |
| **Madi 11 Me, 5:30PM** | Reyinyon Kominotè pou Irving |
| **Madi 11 Me, 6:45 PM** | Reyinyon Kominotè pou Timilty |
| **Madi 18 Me, 2:00PM** | **Odyans Konsèy Minisipal sou** Angajman BPS #3: Anplifye Tout Vwa yo ak Angajman BPS #4: Elaji Opòtinite *Sa a enkli BuildBPS ak Planifikasyon Kapital nan Fiti a |
| **Jedi 20 Me, 5:30PM** | Angajman Kominotè Konsèy Konsiltatif |
| **Jedi 27 Me, 6:00PM** | Reyinyon Kominotè pou BCLA/McCormack |
| **Madi 1e Jen, 5:30PM** | Reyinyon Kominotè pou Irving |
| **Mèkredi 2 Jen, 6:30 PM** | Reyinyon Kominotè pou Timilty |
| **Samdi 5 Jen, 10:00AM** | Reyinyon Kominotè pou Jackson Mann |

**bostonpublicschools.org/budget | budget@bostonpublicschools.org**

**Chak timoun, nan chak sal klas, nan chak lekòl**

**nan sistèm Lekòl Piblik Boston an genyen menm opòtinite a pou yo reyalize grandè ki andedan yo ak tout lòt moun.**